

Konsèy Edikasyon Eta Connecticut (Connecticut State Board of Education) kwè pwogram Anglè kòm yon Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL) kalite siperyè, jeneral ak efikas ak pwogram edikasyon nan de lang enpòtan pou vin maton nan lang Anglè ak maton sou plan akademik pou elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Learner, EL). Konsèy la kwè pratik enstwiksyon ki baze sou rechèch ki sipòte EL yo nan salklas edikasyon jeneral enpòtan pandan elèv yo ap vin konnen Anglè epi byen apre yo soti nan pwogram entansif yo. Eta nou an, distri nou yo, ak lekòl nou yo gen obligasyon dapre Lwa 1964 sou Dwa Sivil Etazini (U.S. Civil Rights Act of 1964), Lwa 2001 pou Okenn Timoun pa Rete Dèyè (No Child Left Behind Act of 2001), ak Lwa Bileng Connecticut (Connecticut Bilingual Statute) pou asire EL yo resevwa sèvis espesyalize pou satisfè bezwen yo nan lang ak bezwen akademik yo. Konsèy la konfime enpòtans tout elèv ki vin prepare sou plan sosyal ak akademik pou yo gen siksè. Li [Deklarasyon Pozisyon CSDE sou Edikasyon Elèv ki se Elèv k ap Aprann Lang Anglè](#) pou jwenn plis enfòmasyon.



Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa yon Elèv k ap Aprann Anglè ye?

Yon Elèv k ap Aprann Anglè se yon elèv ki gen lang natifnatal li ki pa Anglè epi ki bezwen sipò pou aprann Anglè.

Kijan yo idantifye yon elèv k ap aprann Anglè (English Learner, EL) nan Connecticut?

Pou yo idantifye ou kòm yon EL, ou dwe resevwa yon sondaj sou lang nan kay lè ou enskri pitit ou pou lekòl oswa yon ti tan apre. Anjeneral sondaj gen twa a senk kesyon.

Si sondaj sou lang nan kay montre pitit ou kalifye, y ap teste pitit ou pou wè kijan l ap itilize Anglè.

Kèk distri lekòl fè yon entèvyou avèk paran yo tou pou poze yo kesyon sou edikasyon pitit yo anvan. Mande pou yon entèprèt pou ede ou avèk entèvyou a si li nesesè.

Ki chwa pwogram ki genyen pou elèv k ap aprann Anglè?

- Pwogram yo pa menm selon distri yo. Men kèk chwa komen nan Connecticut:
- Sipò nan Anglè kòm Dezyèm Lang (Second Language, ESL): Elèv yo resevwa sèvis ESL nan salklas yo (sipò andedan) oswa deyò salklas yo (sipò deyò klas) avèk yon pwofesè ESL oswa yon pwofesè patikilye ELS ki resevwa bon jan fòmasyon.
- Lang Doub: Gen de (2) gwoup elèv, yon gwoup ki pale Anglè natifnatal ak yon gwoup ki pale yon lòt lang. Yo anseye kontni an pou apeprè mwaye tan nan chak lang.
- Bileng Tranzisyonèl: Yo anseye EL yo nan yon salklas apa nan lang natifnatal la ak Anglè. Se yon pwofesè bileng oswa yon pwofesè patikilye sètifye ki anseye elèv yo. Tout elèv yo pale menm lang natifnatal. Kantite ansèyman yo bay nan lang natifnatal la ap diminye apre yon peryòd tan. Pwogram nan gen yon limit twazan avèk yon chwa pou mande yon pwolongasyon pou apeprè twa lòt ane.
- Ansèyman nan Abri: Devlopman matyè ak lang fèt nan menm salklas Anglè tradisyonèl la. Tout elèv ki nan klas la se elèv k ap aprann Anglè.

Kontinye nan pwochen paj la

Kesyon Moun Poze Souvan, kontinye

Kisa Prensip Debaz Connecticut ye?

Prensip Debaz CT idantifye ki elèv ki ta dwe konnen ak kapab travay nan chak nivo klas nan matematik ak nan Lang ak Literati Anglè/konpetans pou li ak ekri. Prensip yo la pou prepare elèv yo pou kolèj ak karyè.

Ki evalyasyon ofisyèl leta Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo pran?

Yo bay elèv yo, ansanm avèk EL yo, evalyasyon leta ki endike anba la yo:

- Evalyasyon Smarter Balanced nan lang ak literati anglè/konpetans pou li ak ekri ak matematik nan klas 3yèm ane-8yèm ane;
- Tès Metriz Connecticut (Connecticut Mastery Test, CMT) nan syans nan klas 5yèm ane ak 8yèm ane;
- Tès Pèfòmans Akademik Connecticut (Connecticut Academic Performance Test, CAPT) nan syans nan klas 10yèm ane; epi
- SAT Connecticut nan lekti, redaksyon ak lang, ak matematik nan klas 11yèm ane.
- Chak ane, Elèv k ap Aprann Anglè pran yon evalyasyon ofisyèl nan lang pou detèmine si yo maton nan lang Anglè.

Ki sipò ki disponib pou Elèv k ap Aprann Anglè nan evalyasyon leta?

Tout Elèv k ap Aprann Anglè kalifye avèk rekòmandasyon edikatè pou yo resevwa sipò pandan evalyasyon yo. Wè pwofesè pitit ou pou jwenn plis enfòmasyon.

Kilè yo p ap idantifye pitit mwen ankò kòm yon Elèv k ap Aprann Anglè?

Sou plan teknik, yo p ap idantifye pitit ou kòm yon EL ankò lè li pase evalyasyon ofisyèl nan konpetans nan lang. Rechèch yo fè montre li pran anpil ane pou yon elèv vin konpetan nan yon lang. Pale de lang nèt anmenmtan se yon pwosesis ki pran anpil tan.

Fason Pou Patisipe

Antan edikatè, nou rekonèt ak apresye kijan lavi ak eksperyans fanmi kreye baz solid pou aprantisaj. Anba la a se kèk sijesyon pou sipòte pitit ou pandan l ap aprann Anglè.

Antre nan òganizasyon paran lekòl la.

Sèvi kòm yon paran volontè.

Patisipe nan evènman lekòl la, tankou vwayaj edikatif, asanble, match ak konsè.

Patisipe nan konferans paran-pwofesè pou revize bilten ak pwogrè pitit ou.

Voye imèl/lèt epi fè konvèsasyon nan telefòn avèk pwofesè pitit ou. Fè konnen enkyetid ou oswa poze kesyon.

Ede pitit ou jwenn yon kat bibliyotèk piblik epi ale nan bibliyotèk la souvan. Bibliyotèk piblik yo gen liv ak lòt medya pou prete, epitou yo gen pwogram pou ankouraje alfabetizasyon.

Defann sèvis oswa sipò ou ta renmen wè nan sistèm lekòl la epi ofri pou pataje ekspètiz ou.

Nan kominikasyon ou avèk sistèm lekòl la, mande sèvis tradiksyon, si li nesèsè.

Li avèk pitit ou nan lang natifnatal ou chak jou epi ankouraje pitit pou li chak jou.

Pou jwenn lòt enfòmasyon:

Pale avèk pwofesè oswa direktè lekòl pitit ou.

Ale sou Sitwèb Depatman Edikasyon Eta Connecticut (www.ct.gov/sde/EnglishLearners).